ku jàng ñaari aaya yi ci mujjug saaru Al-Baxara cig guddi danañu ko fegal leeb luy Aw ay

Jële na ñu ci Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku jàng ñaari aaya yi ci mujjug saaru Al-Baxara cig guddi danañu ko fegal leeb luy Aw ay»

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne ku jàng ñaari aaya yi mujj ci saaru Al-Baxara cig guddi Yàlla dana ko fegal ay ak lu mu sib, waxees na it: dana ko doy ci taxaw guddi, waxees na it: dana ko doy ci wird yépp, waxees na it: mooy li gën a néew lol dana doy ñu jàng ko Alxuraan ci julli guddi, wax nañu leneen it, amaana li ñu wax lépp a wér wax ji dana ko làmboo.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6274